ISSN 0207-6551

# Н Р У

2
2022



6+



# ЦIЫХУМ И УАСЭР И ЛЭЖЬЫГЪЭРЩ



*Дызэрыт мазэм зи юбилей дгъэлъапIэ цIыху цIэрыIуэхэм ящыщщ ди республикэм щIыхь зиIэ и джэгуакIуэ* ***БЖЭIУМЫХ Беллэ (Барисэт).*** *Абы и сабиигъуэ хъыбарыр гъэщIэгъуэнщ. Зэман насыпыфIэм къыщежьа абы и лъагъуэр Мэкуу театр еджапIэм нэсщ, IэщIагъэ дахэу щызэрыубыдщ, и лъахэм къигъэзэжри цIыхупсэр игъэгуфIэу, я гущIэм жылэ щыхищIэу нобэм къэсащ. Беллэ «Нурым» ди хьэщIэщ.*

## Ди псыIэрышэр си къигъэхъуапIэт

Гукъэкlыжхэм сабиигъуэм сыщыхашэжкIэ япэу си нэгу къыщIыхьэжыр ди къуажэм и хьэблэ цIыкIурщ, уэрамыпэрщ. Абдеж щешкIурэх псыIэрышэ цIыкIум и Iуфэм щыкI щиху лъагэхэм я тхьэмпэхэр жьым щыщIигъэхъаекIэ, ахэр зэхъуцацэ сфIэщIырт. Псы адрыщIыр тафэ щхъуантIэт. ПщэдджыжькIэрэ тафэ удзыпцIэ Iувым хэкIутауэ щыплъэгъунт бабыщ, къаз шыр цIыкIухэр. УдзкIэ ирикъуа нэужь, псыIэрышэр гъунэгъуххэти, «уитIэ-IитIэ» жаIэу хэст.

Къуажэ колхоз губгъуэр-щэ! Таурыхъым хуэдэт. Си ни си пи зыхьыр нартыхумрэ сэхуранымрэт. Нартыху къуэпсыщIэр пщэдджыжь акъужьым щIигъэхъаеу фIэхъускIэ къытпежьэнт, сэхуранхэм пщэдджыжьыпэм деж зыкъыпхуагъэгуса нэхъей, дыгъэ къыщIэкIагъащIэм я гупэр хуагъэзэнт. Шэджагъуэ зэрыхъуу я нэкIу хъурей цIыкIухэр худрагъэзейрт, я кхъуакIэхэр жьым зэрихьэу. Дыгъэр къыщелъэхъшэхым и дежт сэхураныщхьэхэми зыкъагъэзэжу «къыщыдэкIужыр». Ауэ фIаща фи гугъэ, атIэ, а къэкIыгъэ дахэхэм «Дыгъэгъазэ»?! Унэ лэжьыгъэ сиIэуи сымыщIэжт, гущэгъэджэгу гупжьейм зыхезгъэтхауэ, си Iэпхъуамбэ щырыщым гуащэхэр фIэсу театр сыджэгурт. Абы хэтхэр иужькIи Нарткъалэзэпеуэдашауэщытащ. ДатекIуат псоми! А си япэ «гастролри» сигу къинэжащ.

## Сызыдэплъэсин сиIэт

Театрым сызэрыдихьэхыр къызгурызыгъэIуар си шыпхъу нэхъыжь Томэщ. Абы хьэблэ сабийр дызэхуишэсырти, джэгукIэ Iэджэ дигъащIэрт. Ди хадэм ита Iуащхьэ цIыкIур ди «сценэт». Томэ зырызурэ абы дыдригъэкIуейрти, хэт уэрэд жригъэIэрт, хэт усэ къригъаджэрт, хэт къигъафэрт. Езы Томэ Iуащхьэ лъабжьэм и деж щыст дыкъипщытэу. Абы кинохэм хэт артистхэр зэрыт журнал и куэдти, ахэр щIиджыкIа иужь сурэту ярытыр къы-



хигъэжынти пэш блыным къыфIилъхьэнт. Сэри сехъуапсэурэ а журналхэм сыщеджэ щыIэт. Томэ балигъ щыхъум библиотекэ Iуэхуми медицинэми хуеджащ. И гъащIэ псор тхылъхэм хэту зэрихьынур Iупщlт а си шыпхъу губзыгъэм. Абы и жьауэм, къызигъэщIам, дэслъэгъуа псом гурыхьу хэлъыр налъэ-налъэу зэхыхьэурэ си IэщIагъэм сыхуаша сфIощI…





## «Иджыри тIу, иджыри двойкэ»

Класс нэхъыжьхэм сыщынэсым IэщIагъэ схуэхъунум нэхъ сегупсыс хъуащ. Хъыджэбзих дыщIэст классым, театрым дихьэхыу. Лусанэ адыгэбзэр лъэщу игъэшэрыуэрт, тхыгъэ кIэщIхэр зэхилъхьэрт. Школ нэужьым къэрэндащрэ тетрадрэ сIыгъыу Лусанэ деж сежэкIынти сэ къэзгупсысар жесIэнт, абы ар игъэщIэрэщIэнти пьесэ цIыкIу итхынт, роль зыбжанэ хъууэ. Къуажэ махуэшхуэхэм зыкъыщыдгъэлъагъуэу, ди школым и пщIэр тIыгъыу, цIыхум я гум дызэрыдыхьэр зыхэтщIэу, Iэгуауэ тхуаIэту… цIэрыIуэ дыхъуу хуожьэ, ди гушхуэныгъэми хохъуэ.

Ауэрэ, ебгъуанэ классым дыщIэсу, си классэгъу Риммэрэ сэрэ Налшык докIуэ, Сонэ Мухьэрбий и пьесэ «Иджыри двойкэ, иджыри тIу» зыфIищар зыIэрыдогъэхьэри ар догъэув. Нарткъалэ щыдгъэлъагъуэщ, зэхьэзэхуэм дыщытекIуэри радиомкIи къатыжауэ щытащ. Роль нэхъыщхьэр сэ къыслъысат. Езы Сонэ Мухьэрбий делъэIуат къакIуэу тхузэфIэкIам еплъыну. Абы дыкъигъэщIэхъуакъым, пьесэр зэрыдгъэувар игу ирихьат. А жэщым ар гуваэ къалэм кIуэжыфынутэкъыми ди унэ щыIауэ щытащ. Ди адэ Умар щIэныгъэшхуэ иIэт, тхыдэми, журналистикэми хуеджат, парт еджапIи къиухат, а тIур зытепсэлъыхьыни яIэт. Ахэр жэщ псом уэршэру щысами, жеями сэ сщIэркъым, ауэ артистышхуэм IэфIу сигу къыхуинэжащ си адэм жриIауэ щытар: «Мы уи хъыджэбзым зыгуэр къыхэкIынущ, театрым хуегъаджэ».

## IэщIагъэм хэлъ насыпыр

Мэзкуу Щукиным и цIэр зезыхьэ еджапIэфIым сызэрыщеджар си ехъулIэныгъэшхуэу, си насып вагъуэу къызолъытэ.

Пьесэ куэдым сыщыджэгуащ сигу дыхьэу, куэди сигу къинэжащ. Мы зэманми сыдэзыхьэх ролхэр сиIэщ. «Диплом», «Унэ лъапIэ», «Бгъэмрэ бгъэ анэмрэ» спектаклхэм сыхэтщ, Шыбзыхъуэ Басир игъэува «Гуащэмыдэ хьэблэ» спектаклым сыщоджэгу. *(Басир, – Беллэ и щхьэгъусэр, – джэгуакIуэщ, театрым и режиссёр нэхъыщхьэщ. А тIур Мэзкуу щызэдеджащ, зэдолажьэ, унагъуэ дахи зэдэхъуауэ бынитI яIэщ.)*

«Нур» журналым и ныбжьэгъу цIыкIухэ!

«Нурыр» зыхуэблэр фэращ, ди лъэпкъым къыщIэхъуэ щIэблэрщ. Фэ зывужьыным, хэкупсэу фыкъэхъуным ар хъуэпсэгъуэу къыхудокI. ЩIэджыкIакIуэ цIыкIухэ, сэ сыфхуогуфIэ мы журнал цIыкIум папщIэ. Абы фи гупсысэхэр къитIэпIынущ, гурыхуэ фищIынущи, вгъэныбжьэгъу!

Зыгъэхьэзырар ***ГУГЪУЭТ Заремэщ***

# ГЪУЩI IЭРЫЩIХЭР



**Лэжьапlэ lэнатlэхэм цlыхухэр щагъэмащlэ, гъущl lэрыщl роботхэр щобагъуэ. Сыт щхьэкlэ? Ахэр ешкъым, шхэкъым, щхьэхкъым, дауэкъым, зауэкъым, лэжьапlэ къыкlэрыхукъым, лэжьапщlэ хуэныкъуэкъым.**

**Абыхэм ящыщ зыбжанэ фыдогъэцlыху.**

**REEM.** Цlыхум хуэдиз хъу робот-lуэхутхьэбзащlэщ мыр. Сытым хуэдэу «губзыгъэ»! Ар lуэхущlапlэ куэдым щылэжьэфынущ, цlыхум я къалэнхэр ящигъэпсынщlэу, бзэ зэмылlэужьыгъуэ куэд lурылъу, къопсалъэу, умыщlэр къыбгуригъаlуэу, зыхыумыщlыкlым ухигъэгъуазэу.

Мыр къыдэзыгъэкlа компание «PAL-Robotics»-м къалэн зыхуищlыжаращ: lуэхущlапlэм lуэхукlэ lухьа цlыхур зыхуеину хъыбар псори lупщlу, дахэу бгъэдилъхьэнущ мы гъущl lэрыщlым. Ар щхьэпэщ тыкуэнхэм, сымаджэщхэм, кхъухьлъатэ lуэхущlапlэхэм, хьэщlэщхэм щыбгъэлэжьэну.

**Bionic ANTS.** Мы гъущl lэрыщl цlыкlум ауэ сытми фlащакъым «хъумпlэцlэдж». Абы и закъуэу лажьэкъым, атlэ хъумпlэцlэджхэм хуэдэу гуп яхэтущ lуэху зэрищlэр. Езым хуэдэ гъущl lэрыщl зыбжанэ щlыгъумэ, къалэн гугъу дыдэхэр яхуогъэзащlэ.



**RHex**. Лъакъуих зыщlэт мы гъущlыр Америкэм я къэрал унафэщlхэм я лъэlукlэ ящlащ. Ар, зэрыжаlэу, «хыми псыми щымышынэ», дэнэ щlыпlи щызэхэзокlуэ. Мыр къурш задэми дэкlынущ, цlыху зыдэмыхьэфыну гъуанэхэм икlыу къумми пхрыкlынущ, дэни къыщикlухьыфынущ. Мыр зэхуэдэу яхуэщхьэпэнущ къэхутэныгъэ е къегъэлын lуэхухэм пылъ лэжьакlуэхэм.



**BigDog.** И цIэми еIуатэ мыр зэщхьыр. Хьэм хуэдизщ и инагъри. Google компанием и Boston Dynamics-м хуащIащ Америкэм и сэлэтхэм я лъэIукIэ. Сыт и фIагъ? ГъущIыхьэр щызекIуэфынущ къызэрыгуэкI гъущIхэкIхэр зыпхрымыкIыфыну щIыпIэ дыджхэм, абы щыгъуэми килэ 40 и хьэлъагъ телъу. Гъуэгу жыжьэ къызыпэщылъ сэлэтхэмкIэ уасэ зимыIэ гъущIыхьэщ мы флъагъур!



BigDog хьэлъэ телъмэ...



**Paul 5.** Мыр тлъагъуу дызэса гъущI IэрыщIхэм зэремыщхьыр и теплъэ къудейркъым, атIэ и «талантырщ». Мыр сурэтыщI лъэщщ, укъигъэуIэбжьу, зы Iэ закъуэ фIэкIаи мыхъуу. Абы къалэмыр е къэрэндащыр IэщIэплъхьэн хуейуэ аркъудейщ! Бгъэлэжьэнуи гугъукъым. Уэ камерэм и гупэм деж уотIыс, абы сурэт птрех, гъущIыIэм къалэмыр зэрыIэщIэплъхьэу уи сурэтыр ещI. А сурэтыр тIэу е щэ ебгъэщIыжми, «зы къупхъэм къиджэлыкIа» жыхуаIэм хуэмыдэу, зэмыщхьу ищIынущ.





**... ИтIани цIыхум хуэдэ зэи хъуфынукъым гъущI IэрыщIхэр. ЦIыхум псэ Iутщ, гушыIэ зыхещIэ, щIагъыбзэ къыгуроIуэ, уи псалъэм къыпещэ, кIуэрыкIуэм тету хьэлэмэтхэр къегупсыс, мис мыпхуэдэ гъущIхэри дунейм къытрегъэхьэ!**

Зыгъэхьэзырар ***ХЪУЭКIУЭН Фатимэщ***

# Ди зэхуэдэ щэхущ...



Щlалэ цlыкlухэм дывоупщl:

Фэ хъыджэбз цlыкlу гуэрым фегуэкlуамэ закъевгъащlэрэ хьэмэрэ зывбзыщlрэ? Дэри сабийуэ дыщытащ, lэджэ вдэтлъэгъуащ. Вжетlэн фщlэр? Зи -м мафlэ къыщlэна щlалэ цlыкlухэр гупищу догуэш:

1. Гупсысэх, шхэгъуей мэхъу, и еджэным кlэроху, къалэмыр къещтэри зыми хужемыlэр абы иретхэ, усэ еус. А хъыджэбз цlыкlур къызэрилъагъуу къоуцlыплъри и щхьэр щlегуэ;

2. Игу ирихьам хурегъэхь, телефонкlэ хуотхэ, ирет, кином е шхапlэфlым ирегъэблагъэ, зыгуэрхэр къигупсысурэ и lуфэлъафэр «къефыхь», гъунэгъу зыхуещl;

3. къызэрилъагъуу ар жыджэр, псэлъэрей къохъу, псалъэ жагъуэ иредз, дзы фlещ, и щхьэцым къокъу, егъэбампlэ, щеlунщl щыlэщ. А «пацан тэмэмым» къыщыщlар къыгурыlуэжкъым, ироукlытэ, зибзыщlыну хэтщ, ауэ хъыджэбз цlыкlум гу къылъитэнуи хуейщ.

Мы гупищым уэ узыщыщыр иджыри къэпщlакъэ?

## Щlалэр убзэу, хъыджэбзыр хъурджауэу...

Ди дадэшхуэ-нанэшхуэхэм я зэманым, смайлики, телефони, кинои щыщымыlам, адыгэбзэм хуабжьу пщlэ иlэу, ар усэбзэу зыгъэбзэрабзэр ягъэлъапlэу щыщытам мис мыпхуэдэу зэхъурджауэрт щlалэмрэ хъыджэбзымрэ:

Тхьэрыкъуэ пщэхурэ lуэху щlафэ дахэмэ...
*(хъыджэбзым и цlэр пегъэувэ)*

Пащlэ цыпхыдзэрэ дзахъэ хъарпщlэрмэ...
*(щlалэм и цlэр пегъэувэ)*

Щхьэцыгъуэ цlынэурэ шатэ цlынафэмэ...
*(хъыджэбзым и цlэр)*

Цей lэщхьэ лалэрэ лал щlэнэцl щlалэмэ...
*(щlалэм и цlэр)*

Джанэкlэ уэсрэ бгъэгуху чэсеймэ...
*(хъыджэбзым и цlэр)*

Цlымбыкъ шхэрейрэ и ныбэр чеймэ...
*(щlалэм и цlэр)*



# Щ|алэр пщащэм егуэк|уамэ

Си Іэгум зы ныбгъуэ исщ,
Си гум зы псалъэ илъщ,
Си лъэ нытохьэ уи лъагъуэ,
Си гур нытешэ уи гъуэгу.



Ди уни мышэщ,
Ди шэщи мыщхьэгуэ,
Гугъуи уэ зумыгъэхь,
Си Іуэхуи уэ къызумыхуэ.

Къуршыщхьэм дыгъэ щопс,
Къурш щІагъым псынэ щІож,
Псы щІыІэ фалъэ дызэдегъафэ,
Адыгэ къафэ дыкъыздэгъафэ.



Бещто Іуащхьэ зэшитхущ,
БырмамытІым и закъуэщ,
КІуэрыр зыгъэжакъуэу,
Жэрыр зыгъэкІуакъуэ,
Си дэлъхуу зи закъуэм
Укъищ|эм уикъункъэ!

ЩІалэр мы гупым щыщмэ къыгуроІуэ а пщащэр къызэрыхуэмейри, щэху мэхъуж. Ауэ ар ерыщрэ мы гупым щыщмэ, адэкІэ къыпещэ:

Си щІопщыкъу екІэпцІэкъым,
Сэ сыпцІыІуэрышэкъым,
Уи гур умыгъэгъу, уэ умыгузавэ.
Си псалъэ фадэм къыхэкІкъым,
Си псалъэ пцІым къыхэкІыкІкъым,
КІэпхын хужьышхуэр къытумылъафэ,
Гъатхэ мылыфым зумыгъэлъахъэ,
Лъахъэ зэвыр зэпумыуд,
Узэгуэмыуду фи унэ щІэс,
Сыпхуей хъумэ, укъэзгъуэтынщ.



*(ЗэгуэкІуахэм зэхурагъэхьыу щыта хьэпшыпхэр, зэжраІэу щытахэр къыкІэлъыкІуэ номерым къытеддзэнущ.)*

Зыгъэхьэзырар ***АБРОКЪУЭ Беллэщ***

# Къаплъэн Алыфбий - 2022




*Мы усэм фыкъеджэ, ифтхэ*

23-1-33-28-2-31

23-1-33-28-2-31-53-35 12-51-44-30-17 10-2-9-39-30.

23-2-35-1-3-7-2-30 17 30-2 23-53-51-53-30-53-39.

23-32-33-28-1-22-2-30 – 23-32-51-2-39 1-35-1-7-2-31-51.

51-53-50-53-31-2 50-53-35-30-17. 1-35 – 23-1-33-28-2-31-51.

3-1-7 31-17-19-32-27-1-18

Зыгъэхьэзырар ***ХЬЭЛИЛЭ Миланэщ***



# «ШЫЛЭМ И КУМЫЛЭМ МЫЛЫМ УТЕМЫХЬЭ»

(адыгэ псалъэжь)

## Мылым ущытехьэкlэ, сакъ!





* Пыlэ пщхьэрыгъщ
* Уи lитlыр жыпым илъкъым
* Лъэгуажьэр тlэкlу гъэшащ
* Вакъэр лъагуэщ

### Ущыцlантхъуэкlэ:



* Ущещlэкlэ уи lэхэр ину зегъакlуэ.
* Уи лъэгуажьитlыр нэхъри гъэш.

### Гупэкlэ уещlэу уджалэмэ:



* Уи lэр зэфlэгъауэ. Зыкъэбгъэувыlэжыну ухэту уи lэр умыший.

!!! Цlыхур мэгужьейри и lитlыр ипэкlэ еший, аращ lэ, lэпщэ зэрытыпlэ къутэр къызыхэкlыр.

### Ущыджалэкlэ щlыбкlэ уещlэну шынагъуэщ:



* Щlыбкlэ уещlэу ущыджалэкlэ уи щхьэр хъумэ! Ар уи бгъэгум ебгъэlусэу уи гупэмкlэ къешэх.
* Зэрыхъукlэ уи lитlри укъуэдий, уи щlыбым техуэ удынир абы игъэмэщlэнущ. lэфракlэр зэфlэбгъауэ хъунукъым.

### Бгъукlэ уджалэмэ нэхъ хъума ухъунущ:

* lэмал зэрилэкlэ уи лъакъуэхэр уи бгъэмкlэ къашэ.



* Уи lэфракlэхэр уи пкъым кlэрылъхьи lэблэкlэ уззэретlысэхыным иужь ит. Уи lэр умыукъуэдий!

Зыгъэхьэзырар
***Къамбот Марианнэщ***

# Сенычыпэджэгу

Мы джэгукIэр зыфIэмыфI щыIэ?! Унагъуэм цIыхуу исыр зэришалIэу, игъэгупсысэу, сабийхэр балигъхэм щатекIуэ къэхъуу! Сенычыпэджэгум арифметикэри геометриери щызэщIыгъущ, хьилагъи, бзаджагъи хэлъщ, зыуегъэужь, утрегъэу.

**Ди чэнджэщхэр:**

1. Мы лэжьыгъэхэр зэхэзылъхьахэр къывэбзэджэкIынкIэ хъунущи, фысакъ!
2. КъызэрыгуэкI гупсысэкIэ фиIэу Iуэхум фыбгъэдэмыхьэ, фи акъылыр вгъэулъэпхъащэ.
3. Сенычыпэхэр щыбгъэкIуати, щебгъэкIэрэхъуэкIи, щызэтеплъхьи щыIэщ.

### 1. Балийр къифх!

СенычыпитI вгъэIэпхъуи балийр къифх кумбыгъэм. Ар зэвгъэдзэкIи вгъэкIэрахъуи хъунущ.



### 2. ЗэпэплIимэхэр вгъэмащIэ.

ЗэпэплIимэу (квадрату) 9 диIэщ, 2 къэнэн хуейщ. Сенычыпэу 8-р Iуфх, адрейхэм фемыIусэ. IэмалитI иIэщ.



### 3. Сенычыпэхэр зэлъэIэсын хуейщ.

Мы сенычыпихыр вгъэтIылъ зыр адреитхум лъэIэсу.



### 4. ЗэпэплIимэхэр вгъэбагъуэ.

СенычыпитIыр зэфхъуэкIи зэпэплIими 4-р 7 фщIы.



Мы лэжьыгъэхэм я жэуапхэр журналым и иужьрей напэкIуэцIым итщ.

Зыгъэхьэзырар *Есэнгуащэщ*



Екатеринбург. Дзюдо



Мэзкуу. Алыдж-урым бэнэкIэ

# Спортым щехъулIэр лIыхъужьыщ

***2021 гъэм дызыгъэгушхуа ди лIыхъужьхэр.***
***(ЕтIуанэ Iыхьэ. Япэр тетщ «Нур» № 1, 2022-м)***

## IЭПЩЭРЫБАНЭ (БОКС)

**Черкесск.** НыбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэ цIыху 160-м щIигъу зыхэтам ди Iэпщэрыбанэхэм медали 7 къыщахьащ.

**I:** Iэгъуей Азрэтрэ (кг. 66) Къумыкъу Имранрэ (кг. 70).

**II:** Щауэжь Тамерланрэ (кг. 54) Анаев Тимуррэ (кг. 90).

**III:** ХьэпцIэ Алан (кг. 44), Кулиев Омар (кг. 63), Шавердинов Аслъэн (кг. 80).

**ГъэсакIуэхэр:** Куэшмэн Аслъэн, КIэрэф Арсен, Баллаев Ильяс, Чочаев Расул.

**Налшык.** Къэралпсо утыку цIыхуу 100-м щIигъу зыхэтам щытекIуащ Мэзыхьэ Резуан (кг. 81).

**III:** Къэлэжьокъуэ Къантемыр, КIыщ Залым, Тхьэщыгъуей Ислъам.

## ДЗЮДО

**Налшык.** Кавказ Ищхъэрэм и зэхьэзэхуэ. 2002–2004 гъэхэм къалъхуа лIыхъужьхэу 70-м щIигъу зыхэтам дыдейхэм медали 7 къыщахьащ.

**I:** Шормэн Элеонорэ (кг. 44), Кабуловэ Миланэ (кг. 70), Архэст Iэмал (кг. 100).

**II:** Къанокъуэ Арианнэ (кг. 52), Балъкъыз Залым (кг. 100), Уянаев Ислъам (кг. 90).

**III:** Тау Артур (кг. 55).

Гуп зэхьэзэхуэхэм дыдейхэм ещанэ увыпIэр щаубыдащ.

**Латвие.** Европей ныбжьыщIэ зэхьэзэхуэм къэрал 37-м щыщу, цIыху 400-м щIигъу хэтащ.

Урысей Федерацэм и гуп къыхэхам хэту ди щIалэ Къуныжь Ролан (кг. 73) текIуэныгъиплIым (3-м хухаха зэманыр и кIэм нэмысу) Литвам, Германием, Польшэм, Словением къикIахэр хигъащIэри ди къэралым дыщэ медаль къыхуихьащ!

**Каспийск.** Ди лӀыхъужьхэр текӀуащ!
**I:** Къуэдз Къантемыр.
**II:** Мурзэбэч Ильясрэ Кабуловэ Миланэрэ.
**III:** Шормэн Элеонорэ.
**Екатеринбург.** Зи ныбжьыр илъэс 21-рэ иримыкъуауэ цӀыху 625-рэ зыхэта зэхьэзэхуэм ди лӀыхъужьхэм медалищ щызыӀэрагъэхьащ.
**I:** Байсиев Таулан (кг. 81).
**II:** Къуныжь Роланрэ Мырзэбэч Ильясрэ.
**Грознэ.** Ди пщащэхэм медалищ къырахащ.
**I:** Гуппоевэ Алинэрэ Кабуловэ Миланэрэ.
**II:** Шормэн Элеонорэ.

## БЭНЭКӀЭ ХУИТ

**Германие.** НыбжьыщӀэхэм я европэ зэхьэзэхуэм щытекӀуащ Къылъшыкъуэ Ислъам!
Ди щӀалэм 4:1-уэ щыхигъэщӀащ хэгъэрейхэм ящыщ бэнакӀуэ Майер Йоханесс. Къылъшыкъуэм къыфӀащащ «Дунейпсо класс зиӀэ спортым и мастер» цӀэ лъапӀэр.
**Владикавказ.** Къэралпсо зэпеуэм щытекӀуащ Ӏэщын Алихъан (кг. 45).

## САМБО

**Къэзан.** НыбжьыщӀэхэм я къэралпсо зэхьэзэхуэм хэтащ цӀыху 360-м щӀигъу. Абы щытекӀуащ Сонэ Идар (кг. 54)!
**Черкесск.** Къэралпсо зэхьэзэхуэ.
**I:** Тау Артур.
**II:** Беслъэней Темырлан, Къамбий Тамерлан, Нэгъуей Темыр.

## АЛЫДЖ-УРЫМ БЭНЭКӀЭ

**Ярославль.** «А» класс зиӀэ VIII урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтащ цӀыху 350-м щӀигъу.
НыбжьыщӀэхэм:
**III:** Хьэжрокъуэ Умаррэ Бекъул Муратрэ.

## КИКБОКСИНГ

**Лучинск.** Урысейпсо зэпеуэм цӀыху 1000-м щӀигъу хэтащ.
**I:** БецӀыкӀу Ибрэхьим (кг. 67).
**II:** Асатов Саид (кг. 67).

Ди щӀыналъэр зыгъэбжьыфӀэ спорт лӀыхъужьхэм ящыщ фэри фыхъуну, цӀыкӀухэ!

*ТЕКӀУЖЬ Заретэ*


Дзюдо

# ЩIЭНЫГЪЭР IЭЩIАГЪЭФIЫМ И ЩIЭБЗЭЩ




*Дунейпсо утыку ихьэ ди спорт лIыхъужьхэм я ехъулIэныгъэхэмкIэ дагъэгуфIэ. Абы щIэныгъэ яIэн, псэлъэкIэ ящIэн, хамэбзэ яIурылъын хуейщ. А спорт гъуэгуанэ кIэщIым гуэгъу хуащIу нэгъуэщI IэщIагъэ зэрагъэгъуэтми зэи щIегъуэжынукъым! Мис а псом телажьэ ди гъэсакIуэ щIалэхэм фIыщIэ лей дауэ яхуэдмыщIынрэ?*




**Щхьэгуэшхэ Алибекрэ Аслъэнбэчрэ** иджыблагъэ (дыгъэгъазэм и 28-м) Налшык щекIуэкIа «Юный дзюдоист» зэхьэзэхуэм щытекIуащ. Алибек и IэкIуэлъакIуагъэм, техникэфI зэрыбгъэдэлъым папщIэ ахъшэ тыгъи къратащ. Ахэр къалэдэсщ, лъэпкъкIэ Инэркъуей цIыкIу (Акъбащ Ищхъэрэ) щыщщ. Алибек Налшык дэт 30-нэ еджапIэм и 3-нэ классым, Аслъэнбэч 2-нэм «тху» защIэкIэ щоджэхэ.

ЩIалитIым къакIухьыф зэрыхъурэ топ къехуэкIыныр яфIэфIти, я адэ **Аскер** абы гу лъитэри «Спартак–Налшыкым» и топджэгу гъэсакIуэ **Циканов Исмэхьил** и деж ишауэ щытащ. Илъэси 5-6 ныбжьым зэритрэ ехъулIэныгъэхэр яIэу топджэгум хэт зэшитIыр бэнэнми ехъуапсэ щыхъум, я адэм тIури дзюдом хригъэтхащ. Мис ар нэхъ гурыхь щыхъуащ Алибек. Абы щапхъэ зытрихынри и гъунэжт: и гъэсакIуэхэу **Дзухэ Беслъэнрэ Залымрэ,** спорт лIыхъужьхэу **Мудрэн Беслъэн, Тау Хьэсэнбий** сымэ.




Аслъэнбэч и псэр зыхэлъыр топджэгурщ. Жэщи махуи игури и псэри етащ, джэгуфынущ, и гъуазэ Роналду и Iэзагъэм пэблагъэ хъуфыну ищIэмэ. Еджэнми зэкъуэшитIыр зэрыщехъулIэм зы щэху хьэлэмэт хэлъщ. Абы дзюдомкIэ я гъэсакIуитIыр, Дзу зэшхэр кIэлъоплъ сабийхэм я нагъыщалъэм, «4» нэхъ мащIэ абы ярытми – щIагъэхьэркъым. «Сыт хуэдэ Iуэхуми щынэхъапэр щIэныгъэрщ!» – мис ар къызыгурагъаIуэ сабийхэри еджэным тогушхуэ. Арыншауэ хъунукъым.

Дадэ-нанэм и деж къуажэм щыпсэунт а тIури. Абы я шыпхъу нэхъыжь **Миленэ** и дэлъху цIыкIуитIыр и Iэгум ису къигъэхъуауэ жыпIэ хъунущ, зэрыцIыкIурэ и нэIэ ятригъэтщ. Ар езыр 11-нэ классым щоджэ, къэфакIуэм хэтащ. Алибекрэ Аслъэнбэчрэ спорт лIыхъужь цIэрыIуэ хъуну мэхъуапсэ я шыпхъур. АтIэ, дэри дыфщIыгъущ, ди нур цIыкIухэ, дэри дыхуейщ фэ фехъулIэну. Фи мурадхэм фалъэIэсыну дохъуахъуэ!

Зыгъэхьэзырар ***КЪАМБОТ Марианнэщ***



Псалъэзэблэдз

# ЦIЫКIУРАШ

◆ **Нарт хъыбархэр фIыуэ пщIэмэ, абыхэм япкъ иткIэ зэхэтлъхьа псалъэзэблэдз гугъум упэлъэщынщ.**



***КЪЕХЫУ:*** 1. Зишхэр зыхухигъэпща фызыжь цIыкIум Сосрыкъуэ къыIихар. 2. Бэдын ирата бжьэм хагъэтIысхьар. 3. Иныжьыр Сосрыкъуэ зыхигъэувар. 4. Хьэдрыхэ гъуэгу трагъэувэ лIыжь-фызыжьыр зрагъэтIысхьэу щытар. 5. Сэтэней и фIыгъэкIэ Лъэпщ ищIар. 6. Щэуей и шым зэреджэр. 7. Шабзэ дзынкIэ нартхэм ящыщу Сосрыкъуэ къыпеуар. 8. Бэдын хасэм къикIыжа нэужь и щхьэгъусэм иригъэпщэфIар. 11. Бэдын и шым зэреджэр. 13. МафIэ ямыIэу нартхэр къыздина щIыпIэр.

***ЕКIУЭКIЫУ:*** 1. Иныжьым и хуэшхуэм Сосрыкъуэ къыхищIыкIар. 4. Нарт хъыбархэм къыхэщ псыщIэ. 8. Нартхэм мэш къахуэкIыжын папщIэ Бэдынокъуэ ивар. 9. Мэлэчыпхъу и анэр. 10. Бэдынокъуэ и адэм и деж щыкIуэм псым тесу къилъэгъуар. 12. Мэлэчыпхъу щхьэгъусэ зыхуэхъуар. 14. Батэр зыгъэзыну жыхуаIа нарт сабийр. 15. Батэрэз и анэр къызыхэкIа лъэпкъыр.

***БЕКЪАН Масирэт***



*Псалъэзэблэдзым и жэуапыр къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэм итынущ.*

*Сенычыпэджэгум и жэуапыр*



1.



2.



3.



4.

# Къаплъэным и гъэщ!


1


2


3


4


5

Къаплъэныр тхылъ Плъыжьым ихуащ. А псэущхьэ дахэр тхъумэжын хуейщ! Къаплъэныр лIэужьыгъуибгъу хъууэ щытащ, иджы дунейм тетыжыр лIэужьыгъуихщ. Ахэр сурэтым щыволъагъу. А псэущхьэ пIащэ дахэр сыт хуэдэ щIыпIэми щопсэу: хуабапIэ къумми, щIыIэпIэми, мэзми, бгылъэми.

1. Къаплъэн пIащэ (амурский, уссурийский). ЛIэужьыгъуэр зэрыхъур псэущхьэ 500-щ, уэсылъэ щIыпIэшхуэхэм я пащтыхь уардэщ.

2. БенгальскэкIэ зэджэ къаплъэн лIэужьыгъуэр 3000 мэхъу. Индие, Пакистан щIыпIэ хуабэхэм щопсэу, абы и пщIэу макъыр километрищкIэ мэIу, дзэ папцIэ кIыхьщ; къаплъэн хужьи урохьэлIэ.

3. Индокитай къаплъэным хэлъ кусэр нэхъ фIыцIэщ, нэхъ псыгъуэщ. Я бжыгъэр 1500 мэхъу. Къум, мэз хуабапIэхэр и псэупIэщ.

4. Малайскэ къаплъэныр 500 мэхъу, хуабапIэм щопсэу.

5. Китай (Чынт) къаплъэныр мэкIуэдыжыпэ! Абы я бжыгъэр зэрыхъужыр 20 къудейщ. Ар нэхъ цIыкIущ, и цыр гъуэжьыфэщ, кусэхэр псыгъуэщ.

6. Суматранскэ къаплъэным я бжыгъэр 400 мэхъу. Ар фIыуэ псым йос, и лъэпхъуамбэхэм лы лей дэтщи икIи хуабжьу лъэрызехьэщ.


6




*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
**№ 2 2022 г.**

Учредитель:
Государственое казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Компьютерная вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*Ф. КАШИРГОВА*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*Н. ХАТУЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 08.02.2022 г.
Выход в свет 25.02.2022 г.

Формат 60x90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak, DrunkC, AdLibBT
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 1420 экз.
Заказ №287
Индекс П5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик, пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.